

## BAB V

### KACINDEKKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekkan

Dumasar kana analisis jeung déskripsi ngeunaan ma'ana inhéren kecap pagawéan dina karangan pangalaman siswa kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011 katut bahan pangajaranana. Aya tilu hal nu perlu dicindekkeun, nya éta ka hiji perkara wanda kecap pagawéan, ka dua ma'na inhéren kecap pagawéan jeung ka tilu perkara bahan pangajaran kecap pagawéan.

- 1) Tina hasil analisis data kapanggih aya 44 kecap, anu frékuénsi makéna 223 kali (100%), Kecap anu panglobana muncul nya éta *Ameng*, frékuénsi makéna 34 kali (15,24%). Sedengkeun kecap nu pangsaeutikna muncul kalayan frékuénsi makéna ukur sakali (0,44%) aya 14 kecap nya éta: *botram, calik, dugi, mondok, lumpat, lungsur, pegel, silaturahmi, resep, teu damang, tiris, tuang, turun, jeung wudu*. Wanda kecap pagawéan tina hasil analisis kapanggih aya tilu wanda kecap pagawéan dinamis, nya éta: (1) kecap pagawéan dinamis kalakuan (*aktivitas*) aya 35 kecap, anu frékuénsi makéna 197 kali (88,14%), (2) kecap pagawéan dinamis miraga (*sensasi awak*) aya lima kecap, anu frékuénsi makéna 12 kali (5,35%), jeung (3) kecap pagawéan dinamis mutatif (*peristiwa transisional*) aya opat kecap, anu frékuénsi makéna 11 kali (4,91%).
- 2) Ma'na inhéren kecap pagawéan tina hasil analisis kapanggih aya tilu, nya éta: (1) ma'na inhéren 'kalakuan', dumasar kana hasil analisis data kapanggih aya 32 kecap pagawéan anu ngandung ma'na inhéren 'kalakuan', anu frékuénsi

makéna 197 kali (88,14%), (2) ma'na inhéren 'miraga' aya lima kecap, anu frékuénsi makéna 12 kali (5,35%), jeung (3) ma'na inhéren 'mutatif', aya opat kecap, anu frékuénsi makéna 11 kali (4,91%).

- 3) Kecap-kecap pagawéan hasil analisis téh bisa dijadikeun bahan pangajaran tata basa di SMP kelas VII seméster ganjil. Éta hal luyu jeung tujuan pembelajaran umum anu aya dina SKKD nya éta "*Mampuh nulis pikeun nepikeun pikiran, rasa, jeung kahayang dina wangun nulis pangalaman, biografi, sajak, jeung pedaran*". Mé mang kecap pagawéan téh teu jadi matéri poko dina SKKD. Ai sababna KD dina SKKD mah nyoko kana kaparigelan basa nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Tapi, bahan ajar kecap pagawéan bisa dipaké pikeun bahan pangajaran nempatkenana aya dina indikator anu patali jeung aspék kaparigelan basa, umpamana waé, nulis. Palebah dieu, kecap pagawéan jadi bahan palengkep kana bahan ajar nulis. Dina nepikeun bahan pangajaran kecap pagawéan métode anu digunakeun nya éta métode langsung. Ari téhnik anu digunakeun nya éta (1) téhnik ceramah, (2) téhnik tanya jawab, (3) téhnik latihan, jeung (4) téhnik papancén. pikeun mikanyaho kahontal henteuna bahan pangajaran anu ditepikeun diayakeun évaluasi ngaliwatan tés tinulis.

## 5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil analisis data jeung kacindekkan, aya sawatara rékoméndasi nu perlu ditujukeun, ieu rékoméndasi téh patali jeung lajuning laku panalungtikan ma'na inhéren kecap pagawéan anu digarap.

- 1) Ieu panalungtikan téh mangrupa talaah téks, nu ditalungtikna ngawengku ma'na inhéren kecap pagawéan katut bahan pangajaranana pikeun siswa SMP. Ku kituna, dipiharep aya panalungtikan kecap pagawéan anu leuwih lega. Terus, diujicobakeun ka siswa, nepi ka katingali bahan pangajaran sarta tingkat kamampuh siswa.
- 2) Ieu panalungtikan bisa dijadikeun titik pamiangan pikeun panalungtikan satuluyna. Dipiharep aya deui anu ngayakeun panalungtikan ma'na inhéren kecap pagawéan dina karya nu séjén boh lisan boh tulisan.

